**दिन–बुधवार** **दिनांक–01.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विश्वक सभ सँ पैघ जनसंख्या प्रक्रिया जनगणना दू हजार सत्ताईसक पहिल चरण आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि जनगणना दू चरण मे आयोजित कयल जायत। पहिल चरण मे मकान सूचीकरण आ आवास गणना तथा दोसर चरण मे जनसंख्या के गणना होयत। एहि लेल एक मार्च दू हजार सत्ताईस संदर्भ तिथि निर्धारित कयल गेल अछि। पहिल बेर जनगणना डिजिटल माध्यम सँ भऽ रहल अछि। जाहि मे स्वगणना के विकल्प सेहो उपलब्ध अछि। ई स्वगणना आइ सँ लऽकऽ एहि मासक पंद्रह तारीख धरि चलत। ओतहि, मकान सूचीकरण आ आवास गणना सोलह अप्रील सँ शुरू होयत आ पंद्रह मई धरि जारी रहत। मकान सूचीकरण मे सभ भवन आ संरचना सभक सूची तैयार कयल जायत तथा आवासीय स्थिति, उपलब्ध सुविधा आ परिसंपत्ति सँ संबंधित जनतब जमा कयल जायतं। भवन सभ के जीओ टैगिंग सेहो कयल जायत आ हरेक संरचना के एक विशिष्ट पहचान संख्या देल जायत। देश भरि मे एहि काजक लेल तीस लाख सँ बेसी गणनाकर्मी, पर्यवेक्षक आ आन अधिकारी लोकनि के तैनात कयल गेल अछि।

---

संगहि, नागरिक सोलह भाषा मे अपन जनतब ऑनलाईन दर्ज करा सकताह। दोसर चरण अगिला वर्ष फरवरी मे आयोजित कयल जायत। एहि मे आयु, लिंग, व्यवसाय, साक्षरता आ जाति संबंधित विवरण एकत्र कयल जायत।

---

पश्चिम एशिया मे जारी तनाव के मध्य तेल विपणन कंपनी सभ महानगर सभ मे व्यवसायिक एलपीजी सिलेंडर के दाम मे वृद्धि कयलक अछि। इंडियन ऑयल कॉर्पोरेशन लिमिटेडक वेबसाईटक अनुसार पटना मे उनैस कीलोवला व्यवसायिक सिलेंडर के दाम दू सय बीस टाका बढ़ि कऽ दू हजार तीन सय तिरपन टाका पचास पाय भऽ गेल अछि। जखनकि घरेलू गैस सिलेंडर के दाम मे कोनो वृद्धि नहि कयल गेल अछि।

---

राज्यक स्मार्ट प्रीपेड मीटरवला उपभोक्ता लोकनिक लेल आइ सँ टाईम ऑफ डे टैरिफ प्रभावी भऽ गेल अछि। एकर अनुसार उपभोक्ता लोकनि के दिन मे सस्ता आ राति मे महग बिजली भेटत। नव नियम के अनुसार राति के एगारह बजे सँ भोरे नओ बजे धरि बिजली खपत पर कंपनी के दिस सँ निर्धारित दर के अनुसारहिं बिजली बिल देबऽ पड़त। ओतहि, भोर नओ बजे सँ सांझ पांच बजे धरि बिजली खपत करबा पर लोक सभ के मात्र बीस प्रतिशत कम बिल के भोगतान करऽ पडत। जखनकि सांझ पांच बजे सँ राति एगारह बजे धरि निर्धारित दर सँ बीस प्रतिशत बेसी बिल देबऽ पड़त।

———————————————————————

नालंदा जिलाक दीपनगर थाना क्षेत्र मे मघड़ा शीतलाष्टमी मंदिर मे भगदड़ मे आठ महिला श्रद्धालु लोकनिक मृत्युक मामिला मे पुलिस पांच पंडा के गिरफ्तार कयलक अछि। एहि सभ पंडा पर पाय लऽकऽ श्रद्धालु लोकनि के दर्शन करेबाक आरोप अछि। संगहि, एहि मामिला मे मंदिर प्रबंधन समिति के अध्यक्ष, सचिव आ कोषाध्याक्ष सहित बीस गोटे के विरूद्ध नामजद प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि।

———————————————————————

राज्य मे गहूमक सरकार खरीद आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। किसान पंद्रह जून धरि पैक्स आ व्यपार मंडल के माध्यम सँ अपन गहूम बेचि सकताह। सहकारिता विभागक अनुसार वितीय वर्ष दू हजार छब्बीस–सत्ताईस मे गहूम न्यूनतम समर्थन मूल्य दू हजार पांच सय पचासी टाका प्रति क्विंटल निर्धारित कयल गेल अछि। ई पछिला वर्षक तुलना मे एक सय साठि टाका बेसी अछि। विभाग कहलक अछि जे अड़तालीस घंटा के भीतर किसान लोकनि के भोगतान कऽ देल जायत। एहि वर्ष गहूम कीनबाक लक्ष्य अठारह हजार मिट्रिक टन निर्धारित कयल गेल अछि। सहकारिता विभाग किसान लोकनिक सहायताक लेल हेल्पलाईन नंबर– शून्य छओ एक दू– दू दू शून्य शून्य छओ नओ तीन सेहो जारी कयलक अछि।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह खनन आ भूतत्व मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे हुनक विभाग राज्यक राजस्व मे महत्वपूर्ण योगदान दऽ रहल अछि आ शत प्रतिशत लक्ष्य के प्राप्तिक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री सिन्हा आइ पटना मे संवाददाता लोकनिक सँ वार्ता करैत कहलनि जे वित्तीय वर्ष दू हजार पचीस–छब्बीस मे तीन हजार पांच सय बेरानवे करोड़ टाका के राजस्व संग्रह भेल अछि। श्री सिन्हा जनौलनि जे ई पछिला सभ वर्षक तुलना मे सभ सँ बेसी अछि।

————————————————————————————

भारतीय प्रशासनिक सेवा के वरिष्ठ अधिकारी चंचल कुमार आइ सूचना आ प्रसारण मंत्रालयक सचिव के रूप मे कार्यभार सम्हारलनि। ओ वरिष्ठ आईएस अधिकारी संजय जाजू के स्थान लेलनि अछि। बिहार कैडर के अधिकारी श्री कुमार एहि सँ पहिने पूर्वोत्तर क्षेत्र विकास मंत्रालय मे सचिवक पद पर कार्यरत छलाह।

————————————————————————————

आर्थिक अपराध इकाई के टीम डीआरडीए के निदेशक वैभव कुमारक सहरसा के नया बजार के सराही मोड़ स्थित आवास आ मुजफ्फरपुर स्थित छओ ठेकाना सभ पर छापामारी कयलक अछि। आय सँ बेसी संपत्तिक मामिला मे ई छापामारी कयल गेल। वैभव कुमार पर पद के दुरूपयोग करैत लगभग दू करोड़ एकतालीस लाख टाका आय सँ बेसी संपत्ति अर्जित करबाक आरोप अछि।

————————————————————————————

पिश्चमी विक्षोभ के प्रभाव सँ पछिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक उत्तरी आ दक्षिण भाग मे किछु स्थान पर हल्का सँ मध्यम स्तरक बर्षा भेल अछि। मौसम विभाग आइ राज्यक बेसीतर भाग मे हल्का वर्षा हेबाक संभावना जनौलक अछि। एहि दरमियान राज्यक उत्तरी, दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भागक किछु स्थान पर चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटा के गति सँ धुक्कड़ आ अन्धड़ चलबाक संगहि ठनका खसबाक चेतावानी जारी कयल गेल अछि।

————————————————————————————

समाप्त